



---

## Kesyon Elektè yo Poze Souvan

---

Administrasyon elektoral Ozetazini trè desantralize epi chak eta gen yon seri lwa inik ki jere zafè pwosedi vòt yo. Lwa federal la bay kèk prensip minimòm eta yo dwe respekte. Kidonk, pi bon sous enfòmasyon pratik pou enskripsyon ak vòt se biwo elektoral lokal ou a.

Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la epi pou w jwenn biwo elektoral lokal ou a.

Plis nan Kesyon Elektè yo Poze Souvan:

- [Asosyasyon Nasyonal Direktè Eleksyon Eta yo \(National Association of State Election Directors, NASED\)](#)
- [Asosyasyon Nasyonal Sekretè Deta yo \(National Association Of Secretaries Of State, NASS\)](#)

### **Fason Eleksyon yo Fonksyone**

#### **Ki moun ki responsab eleksyon nan eta mwen an?**

Chak eta gen yon responsab elektoral an chèf, ki jwe yon wòl sipèvizyon oswa konsiltatif nan eleksyon eta ak federal yo. Sepandan, anjeneral yo òganize eleksyon yo nan nivo konte a, byenke nan kèk eta vil oswa minisipalite yo òganize eleksyon. Pa gen de (2) eta ki òganize eleksyon nan menm fason an, epi kapab genyen varyasyon nan yon sèl eta. Yon sèl moun oswa depatman, yon konsèy oswa yon komiyon elektoral, oswa yon konbinezon de (2) oswa plis antite kapab òganize eleksyon yo.

Administrasyon elektoral Ameriken an trè desantralize. Gen plis pase 10,000 jiridiksyon elektoral nan Ozetazini. Gwosè jiridiksyon sa yo varye, pi piti vil yo gen sèlman kèk santèn elektè ki enskri epi pi gwo jiridiksyon nan peyi a gen plis pase 5 milyon dola. Responsab elektoral lokal yo konte sou moun k ap travay nan biwo vòt ki fòmè yo (souvan toude pati yo) ki ede elektè yo pandan vòt preliminè ak jou eleksyon an. Atravè fonksyon sant

enfòmasyon li a, EAC bay konsèy ak pi bon pratik pou ede responsab elektoral yo, men EAC pa fè kontwòl regilemantè sou eleksyon yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou ki moun ki òganize eleksyon nan eta ou ye a, pandan w prale sou [eac.gov/vote](http://eac.gov/vote).

### **Kisa yon moun k ap travay nan biwo vòt fè? Kijan pou mwen fè benevòl?**

Moun k ap travay nan biwo vòt yo esansyèl pou fè eleksyon yo. Moun k ap travay nan biwo vòt yo responsab pou ouvri biwo vòt yo nan maten eleksyon an; verifye elektè yo ak bay bilten vòt; ede elektè yo; aplike lwa ak pwosedi elektoral yo; kenbe pwosesis kontwòl bilten vòt yo, ekipman pou vòt yo, ak founiti yo; fèmen biwo vòt yo; epi kowòdone kantite elektè ki anrejistre pou wè si yo koresponn avèk kantite vòt ki fèt nan lokal yo a.

Nòmalmman, moun k ap travay nan biwo vòt yo resevwa fòmasyon nan men responsab elektoral lokal yo epi yo travay an ekip (souvan toude pati yo). Moun k ap travay nan biwo vòt yo fè sèman pou defann lwa elektoral yo epi pwoteje sekirite eleksyon an.

Kontakte biwo elektoral lokal ou a oswa ale sou [helpamericavote.gov](http://helpamericavote.gov) pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou w enskri kòm yon moun ki vle travay nan biwo vòt nan eta w la.

### **Ki moun ki ka obsève eleksyon an?**

Obsèvatè elektoral yo, pafwa yo rele “obsèvatè biwo vòt,” se manm piblik ki ka obsève etap pwosesis elektoral la. Chak eta gen pwòp lwa ak pwosedi pa yo konsènan ki moun ki ka obsève eleksyon an, men jeneralman obsèvatè eleksyon yo ka manm nan òganizasyon tankou yon pati politik oswa yon gwoup ki pa patizan, reprezantan kandida, obsèvatè entènasyonal, gwoup sondaj lè y ap sòti ak vòt yo, inivèsité oswa ajans federal ak eta ki konpetan.

Wòl yon obsèvatè biwo vòt se pou obsève ak kontwòle eleksyon an, san yo pa vyole vi prive elektè yo oswa deranje eleksyon an. Règ ki kontwòle obsèvatè biwo vòt yo varye selon eta a. Kontakte biwo elektoral lokal ou a pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ak responsablite obsèvatè biwo vòt yo nan kominote w la. Jwenn plis enfòmasyon sou obsèvasyon eleksyon nan eta w la pandan w prale sou [eac.gov/vote](http://eac.gov/vote).

### **Ki kote m ap jwenn rezilta eleksyon yo?**

Jiridiksyon lokal yo transmèt rezilta preliminè eleksyon yo bay responsab elektoral eta yo apre biwo vòt yo fèmen nan Jou Eleksyon an. Apre sa rezilta ki pa ofisyèl yo afiche sou sit entènèt eleksyon eta a epi yo kominike yo bay medya yo. Rezilta preliminè sa yo ka chanje apre Jou Eleksyon an paske responsab elektoral yo kontinye konte tout bilten vòt ki ekalifye yo, san wete bilten vòt pwovizwa yo, bilten vòt pou moun ki absan ak sa yo voye pa lapòs, ak bilten vòt militè ak elektè ki lòt bò dlo. Yon fwa tout bilten vòt yo fin konte, kowòdone,

ak sètifye nan sa yo rele yon depouyman, yo afiche epi kominike rezilta final yo, sa ki ka pran plizyè jou oswa pafwa semèn.

Ale sou [eac.gov/vote](http://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la pou jwenn enfòmasyon sou rezilta eleksyon eta a.

### **Poukisa rezilta eleksyon yo chanje apre sware eleksyon an? Kilè rezilta eleksyon yo ap definitiv?**

Responsab elektoral yo konte kantite bilten vòt posib nan sware eleksyon an, men rezilta sware eleksyon yo pa ofisyèl epi yo pa janm definitiv. Chak eta gen règ ki diferan konsènan lè yo ka konte bilten yo voye pa lapòs, bilten pwovizwa, ak bilten militè ak bilten moun ki lòt bò dlo. Pa egzanp, gen kèk eta ki egzije pou yo resevwa tout bilten pa lapòs yo nan Jou Eleksyon an. Gen lòt ki otorize yo konte bilten vòt pa lapòs yo si yo vini nan Jou Eleksyon an epi si yo resevwa yo anvan yon sèten dat.

Yon fwa yo resevwa tout bilten yo, depouyman an kòmanse. Pwosesis sa a anjeneral gen ladan analize total vòt yo pou idantifye ak rezoud nenpòt diferans ki genyen ant kantite elektè yo ak kantite bilten vòt yo. Pifò eta yo fè odit tou pou plis verifye total vòt yo egzat.

Yon fwa depouyman an (nan anpil eta yo rele l'odit) fini, yo sètifye rezilta eleksyon yo kòm rezilta definitiv. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou rezilta eleksyon yo, depouyman ak sètifikasyon, ale sou: <https://www.eac.gov/election-officials/election-results-canvass-and-certification>

Yo ka rekonte kèk bilten vòt apre pwosesis sètifikasyon an paske kous la te sere oswa yon kandida oswa yon gwoup konsène mande sa. Rekontaj yo diferan parapò ak odit yo paske yo rekonte chak bilten nan yon kous oswa yon ti gwoup bilten vòt nan eleksyon an, epi rezilta ofisyèl eleksyon an ka chanje pa konsekans.

### **Èske sistèm vòt yo an sekirite?**

Sekirite sistèm vòt yo esansyèl pou eleksyon ki fyab. Komisyon Asistans Elektoral (Election Assistance Commission, EAC) la devlope liy direktiv volontè pou sistèm vòt (Voluntary Voting System Guidelines, VVSG) la, ki se yon seri espesifikasyon ak egzijans, ki gen ladan nòm sekirite ak entegrite, sistèm vòt yo dwe satisfè pou yo resevwa sètifikasyon. EAC akredite laboratwa vòt ki teste sistèm vòt yo selon nòm sa yo tou. Patisipasyon nan pwogram tès ak sètifikasyon EAC a se yon bagay ki volontè, men pifò eta yo itilize pwogram tès ak sètifikasyon EAC a. Eta yo ka chwazi pou adopte kondisyon ki pi sevè pou sistèm vòt yo tou.

Chak jiridiksyon eta ak lokal itilize pwosedi ak zouti bon sans pou pwoteje pwosesis vòt la epi asire rezilta eleksyon li yo fyab. Pi bon pratik komen yo gen ladan yo itilizasyon kadna, so antivòl, kamera sekirite, teste sistèm anvan ak apre eleksyon, odit, ak kontwòl aksè fizik

ak sibèsekirite. Epitou chak eta gen yon responsab elektoral ki asire yo respekte yon fason estrik lwa ak pwosedi sa yo respekte.

### **Mezi sekirite komen pou sistèm vòt yo:**

- Achte sistèm vòt ki teste ak sètifye
- Pwograme tout aparèy dapre lwa ak règleman lokal yo
- Tès presizyon materyèl vòt yo anvan eleksyon yo
- Fè eleksyon ak moun k ap travay nan biwo vòt yo ak obsèvatè toude pati yo
- Verifye kantite total bilten vòt yo pou wè si yo koresponn ak kantite total votè yo
- Verifye bilten vòt yo pou asire ekipman vòt yo konte vòt yo avèk presizyon
- Se pou omwen de (2) (depreferans toude pati yo) temwen dokimante ak verifye transfè tout bilten vòt yo ak ekipman vòt yo soti nan men yon ekip oswa yon anplasman pou ale nan yon lòt
- Kenbe kontwòl aksè sekirite fizik

Bilten vòt yo toujou rete sou siveyans responsab elektoral lokal k ap fè eleksyon an. Yo dwe konsève bilten vòt yo an sekirite apre eleksyon an pou yo ka revize yo nan kad yon odit oswa yon rekontaj. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sekirite elektoral, sale sou: <https://www.eac.gov/voters/election-security>.

Ale sou [eac.gov/vote](https://www.eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la pou jwenn enfòmasyon sou sekirite elektoral nan eta w la.

### **Èske mwen ka fye rezilta eleksyon an?**

Gen anpil pwosesis ak pwosedi ki anplas pou asire piblik la yo ka fè rezilta eleksyon yo konfyans. Responsab elektoral yo souvan resevwa fòmasyon leta ak enstriksyon pwofesyonèl nan zafè administrasyon elektoral. Prèske chak pati nan pwosesis elektoral la egzije patisipasyon de (2) oswa plis responsab ki resevwa fòmasyon ki te fè sèman pou respekte tout lwa elektoral yo epi pwoteje sekirite eleksyon an. Obsèvatè eleksyon yo, pafwa yo rele "oswa obsèvatè biwo vòt," kapab prezan pou kontwole oswa obsève eleksyon an tou.

Yo teste machin epi yo sètifye pou vote yo, ki gen ladan eskanè bilten [selon nòm presizyon yo](#). Pifò eta egzije tès lojik ak presizyon sou sistèm vòt yo anvan chak eleksyon. Anplis tès anvan eleksyon an, pifò eta yo egzije odit apre chak eleksyon tou. Pandan yon odit, responsab elektoral yo verifye bilten vòt papye yo pou konfime presizyon kontaj otomatik lan. Odit yo asire kontaj bilten vòt yo te fèt jan elektè yo te prevwa sa epi rezilta eleksyon an

fyab. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou odit yo nan rapò EAC a [Odit Elektoral atravè Etazini](#).

Ale sou [eac.gov/vote](http://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la pou jwenn enfòmasyon sou fason yo konte bilten vòt yo nan eta w la.

### **Kijan responsab elektoral yo anpeche yon moun vote de (2) fwa?**

Youn nan prensip debaz demokrasi se chak moun gen yon sèl vòt. Responsab elektoral yo pran anpil mezi pou asire elektè yo depoze yon sèl bilten vòt nan yon eleksyon, oswa si yon elektè depoze plis pase yon sèl bilten vòt (sa vle di, li vote pa lapòs epi li eseye vote an pèsòn nan Jou Eleksyon an), se yon sèl bilten vòt ki konte. Pou fè sa, responsab elektoral yo responsab pou kenbe lis elektè yo ajou ak egzat, epi anpil eta konpare rejis enskripsyon ak dosye vòt yo avèk lòt eta. Responsab elektoral yo kenbe dosye detaye sou lè yo bay elektè yo bilten vòt yo, epi si yo depoze bilten sa yo.

Si yo pa ka verifye kalifikasyon yon elektè (pa egzanp, elektè a pa t sou lis elektè ki kalifye yo, enfòmasyon elektè a pa konplè oswa li pa egzak, oswa elektè a te deja resevwa yon bilten vòt pa lapòs epi yo te otorize l vote), yo gendwa vote yon fason pwovizwa oswa grasa yon bilten vòt ki sekirize. Bilten vòt pwovizwa yo separe ak lòt bilten vòt yo epi yo pral trete epi konte yo sèlman si responsab elektoral la te verifye elektè a kalifye epi li poko vote nan eleksyon an.

Lè yon elektè mande yon bilten pa lapòs, responsab elektoral yo verifye si elektè a te fè demann lan anvan yo bay bilten an. Lè yo retounen yon bilten vòt nan biwo elektoral la, responsab yo (souvan ekip toude pati yo) verifye siyati a oswa lòt enfòmasyon idantifikasyon ki sou anvlop bilten vòt la pou asire se elektè a ki te depoze l. Si enfòmasyon ki nesèsè yo manke oswa pa konplè, oswa si yon siyati obligatwa pa koresponn ak sa ki nan dosye a, yo p ap konte bilten vòt la. Nan kèk ka, yo ka notifye elektè a epi yo ka bay yon posibilite pou korije pwoblèm nan.

Ale sou [eac.gov/vote](http://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la pou jwenn enfòmasyon sou fason yo swiv tras ak konte bilten vòt yo nan eta w la.

## **Enskripsyon Elektè yo**

### **Kòman pou mwen enskri pou m vote?**

Nan tout eta eksepte North Dakota, ou bezwen enskri pou vote pou patisipe nan yon eleksyon. Kondisyon pou kalifikasyon yo varye selon eta a, men jeneralman pou w enskri pou vote, ou dwe:

- Yon sitwayen Ameriken
- Gen omwen 18 lane nan Jou Eleksyon an

- Satisfè sèten kondisyon rezidans

Ou ka enskri pou vote an pèsòn, pa lapòs, epi nan anpil eta sou entènèt. Si ou poko enskri oswa ou bezwen mete ajou enskripsyon ou, asire w ou fè sa nan dat limit eta kote w ye a bay pou fè sa. Plizyè eta otorize elktè yo enskri nan Jou Eleksyon an, men lòt eta yo gen yon dat limit jiska 30 jou anvan eleksyon an.

Gen kèk eta ki ka otorize moun ki poko gen 18 lane enskri alavans pou yo vote, pou yo ka vote kou yo kalifye.

Ale sou [eac.gov/vote](https://www.eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la epi pou w jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon enskripsyon an. Ou ka telechaje epi enprime Fòm Enskripsyon Nasyonal pou Elektè k ap Vote pa Lapòs la tou. Ou ka itilize fòm sa a pou w enskri pou vote nan chak eta eksepte North Dakota, New Hampshire ak Wyoming, epi li disponib nan 21 lang. Pou telechaje fòm sa a, ale sou: <https://www.eac.gov/voters/national-mail-voter-registration-form>

### **Kòman pou mwen chanje afilyasyon m ak pati politik mwen an?**

Pwosesis pou chanje afilyasyon pati politik ou a anjeneral menm jan ak pwosesis pou enskri pou vote a.

Kèk eta mande ou pou deklare afilyasyon ou nan yon pati lè w ap enskri, pandan gen lòt ki pa swiv afilyasyon ou nan yon pati. Si eta w kote w ye a ap swiv afilyasyon ou nan yon pati, ap gen yon kesyon sou fòm enskripsyon elektè ou a pou w deklare afilyasyon w nan yon pati politik.

Gen kèk eta ki egzije elektè yo pou yo enskri nan yon pati pou yo vote nan eleksyon primè yo. Nan eleksyon jeneral yo (ki anjeneral dewoule nan mwa novanm), ou ka vote pou nenpòt kandida ou pi pito, kèlkeswa afilyasyon w nan yon pati.

Ale sou [eac.gov/vote](https://www.eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la kote w ka jwenn plis enfòmasyon.

### **Kòman pou mwen mete enfòmasyon elektè mwen ajou (non, adrès, pati politik, elatriye)?**

Pwosesis pou mete ajou enskripsyon elektè ou a anjeneral menm jan ak pwosesis pou enskri pou vote a.

Mete ajou enfòmasyon enskripsyon elektè ou a si:

- Ou demenaje
- Ou chanje non w
- Ou vle chanje afilyasyon w nan yon pati politik

- Ou pa t vote nan lespas kat (4) lane ki sot pase yo

Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la epi pou w jwenn opsyon ou genyen pou w enskri pou vote. Ou kapab soumèt yon papye [Fòm Enskripsyon Nasyonal pou Elektè k ap Vote pa Lapòs](#) bay biwo elektoral lokal ou a. Ou ka itilize fòm sa a pou re-enskri pou vote nan chak eta eksepte North Dakota, New Hampshire, ak Wyoming, epi li disponib nan 21 lang.

### **Kòman pou mwen verifye enfòmasyon enskripsyon elektè mwen an?**

Chak eta fè pwòp règ vòt pa li, epitou li genyen fason pou konfime enskripsyon w lan. Anjeneral ou ka verifye enfòmasyon konsènan enskripsyon elektè ou a sou Entènèt oswa lè w kontakte biwo elektoral lokal ou a. Si w deja enskri pou w vote, li enpòtan pou w verifye pou asire w enfòmasyon sou enskripsyon elektè ou a resan ak egzat, sitou si w fèk deplase oswa chanje non w. Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la pou jwenn enfòmasyon ki pi detaye ak ajou pou kote w ap viv la.

### **Kòman pou mwen anile enskripsyon elektè mwen an?**

Eta ak jiridiksyon lokal yo gen opsyon diferan pou elektè yo ki vle anile enskripsyon elektè yo. Si w enskri pou vote epi ou ta renmen anile oswa retire enskripsyon elektè w la, biwo elektoral lokal ou a ka ede w. Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la kote w ka jwenn yon rejis biwo elektoral lokal yo.

### **Kòman pou mwen siyale yon elektè ki enskri ki pa abite nan adrès mwen an ankò oswa yon elektè ki enskro ki mouri?**

Si w resevwa kourye elektoral pou yon moun ki pa rete nan adrès ou oswa ki mouri, kontakte biwo elektoral lokal ou a pou fè yo konnen sa.

Kenbe lis enskripsyon elektè yo ajou se yon bagay ki enpòtan pou administrasyon eleksyon an. Tout eta yo pran mezi pou kenbe lis enskripsyon elektè yo ajou, men pafwa biwo elektoral yo pa konnen gen yon moun ki deplase oswa ki mouri. Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la kote w ka jwenn yon rejis biwo elektoral lokal yo.

## **Fason pou Vote**

### **Kòman pou mwen vote an pèsòn nan Jou Eleksyon an?**

Tout eta yo ofri opsyon an pèsòn pou elektè yo vin vote yo nan Jou Eleksyon an. Nan kèk eta, elektè yo bezwen ale yon kote espesifik pou vote nan Jou Eleksyon an, pandan gen lòt eta ki bay sant vòt kote nenpòt elektè nan jiridiksyon an ka vote.

Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la epi pou w jwenn adrès biwo vòt ou a, ak lè yo, epi si ou bezwen macche ak nenpòt bagay (tankou yon pyès idantite) pou w kapab vote.

### **Kòman pou mwen vote bonè?**

Anpil eta pèmèt elektè yo vote an pèsòn anvan Jou Eleksyon an. Nan kèk eta, vòt bonè ka gen ladan voye yon bilten nan biwo elektoral lokal yo, pandan nan lòt eta yo ou ka vote nan yon biwo vòt menm jan ak vote nan Jou Eleksyon an. Pou konnen si eta kote w ye a ofri vote an pèsòn anvan Jou Eleksyon an ak ki kote ou ka vote, ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote), chwazi eta oswa teritwa w la, epi klike sou lyen pou 'Absan/Lapòs ak/oswa Enfòmasyon sou Vòt Bonè.'

### **Kijan mwen kapab vote pa lapòs?**

Chak eta gen pwòp règ pa yo sou ki moun ki ka vote pa lapòs. Gen kèk eta ki mande fòk gen yon eskiz pou vote pa lapòs, gen kèk ki otorize nenpòt moun mande yon bilten pa lapòs, epi lòt yo otomatikman voye bay tout elektè yo yon bilten pa lapòs. Egzanp eskiz yo kapab maladi, blesi, andikap, depase yon sèten laj, vwayaje andeyò kominote w nan Jou Eleksyon an, yon etidyan nan kolèj ki lwen lakay li, oswa nan lame. Si w mande yon bilten vòt pa lapòs, asire w ou verifye dat limit pou w retounen bilten vòt ou a alè pou yo konte l (tankou tan yo estime pou voye yo pa lapòs).

Si w te resevwa yon bilten vòt pa lapòs, li ak anpil atansyon enstriksyon sou kijan ak ki lè pou w retounen bilten vòt la.

- Ranpli tout enfòmasyon yo mande sou anvlòp pou retounen l lan. Kèk eta mande yon notè oswa yon siyati temwen sou anvlòp la lè w ap voye retounen yon bilten vòt pa lapòs.
- Sòf si anvlòp pou retounen l lan di se lapòs yo peye davans, asire w ou gen ase tenb sou anvlòp la anvan ou mete bilten vòt ou a nan lapòs.
- Dapre [Rekòmandasyon USPS](#), voye bilten vòt ou an nan lapòs nan omwen yon (1) semèn anvan dat limit eta fikse a pou asire w li rive nan biwo elektoral la alè.
- Selon lwa ak pwosedi jiridiksyon w lan, ou ka anmezi pou retounen bilten pa lapòs ou a an pèsòn oswa nan yon bwat pou depoze bilten vòt nan jiridiksyon w lan.

Anpil eta pèmèt elektè yo swiv estati bilten vòt pa lapòs yo a sou entènèt.

Nòt: Ajan elektoral yo bay anpil enpòtans a vi prive w, epi yo pran plizyè mezi pou asire vòt ou yo rete prive. Ajan elektoral yo kenbe yon rejis ki di si w te vote oswa si li pa t vote, men yo pa janm kapab di kòman ou te vote.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vòt pa lapòs nan eta kote ou ye a, tankou enfòmasyon sou swiv bilten vòt pa lapòs si yo ofri sa nan eta w la, sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote).



## Aksesibilite pou Vote pa Lapòs

Verifye ak biwo elektoral eta a oswa lokal ou a pou jwenn enfòmasyon sou opsyon aksesib pou mande, make, epi retounen bilten vòt ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou aksè nan pwosesis vòt pa lapòs la, tanpri gade [Pi Bon Pratik: Aksesibilite pou Vote pa Lapòs](#).

### **Kijan bwat pou depoze bilten yo fonksyone?**

Kèk eta otorize elektè yo retounen bilten vòt pa lapòs yo nan yon bwat pou depoze bilten ki an sekirite. Bwat pou depoze bilten yo elimine nesosite pou retounen bilten an pa lapòs paske yo pèmèt elektè yo retounen bilten vòt yo dirèkteman bay responsab elektoral yo, olye yo sèvi ak sèvis lapòs la. Sa a kapab itil pou elektè ki pa gen ase tan pou retounen bilten vòt yo pa lapòs.

Pou vote atravè yon bwat pou depoze bilten:

- Mete bilten vòt ou anndan anvlòp la epi ranpli tout enfòmasyon yo mande sou anvlòp la. Kèk eta mande yon notè oswa yon siyati temwen sou anvlòp la lè w ap voye retounen yon bilten vòt pa lapòs.
- Retounen bilten vòt ou nan yon bwat pou depoze bilten vòt nnan kominote w la. (Sonje: Asire w bwat pou depoze bilten an klèman ekri sou li se pou konte, vil oswa pwovens kote w ap viv la li ye.)
- Si w ap itilize yon bwat pou depoze bilten, asire w ou retounen bilten vòt nan lapòs ou a pa pita pase lè biwo vòt yo ap fèmen nan Jou Eleksyon an.

Chak eta gen pwòp règ ak kondisyon pou sekirize bwat pou depoze bilten vòt yo. Souvan, kondisyon sa yo gen ladan yo kadna oswa sele espesifik, siveyans videyo, ak egzijans nan sa ki gen pou wè ak pwosesis kontwòl yo. Kèk eta ak lokalite sèlman mete bwat pou depoze bilten yo nan bilding gouvènman an oswa anplasman ki deziyen ki sekirize nan yon jiridiksyon. Se sèlman responsab elektoral yo (souvan ekip toude parti yo) ki gen otorizasyon pou kolekte bilten yo yon fwa yo mete yo nan yon bwat pou depoze bilten. Pou aprann plis sou fason responsab elektoral yo sekirize bwat pou depoze bilten yo, gade [direktiv](#) EAC ak Ajans Sibèsekirite ak Enfrastrikti (Cybersecurity and Infrastructure Agency, CISA) an bay sou kijan pou itilize ak sekirize yon fason efikas bwat pou depoze bilten yo.

Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la pou konfime si bwat pou depoze bilten yo disponib nan zòn ou an.

### **Mwen se yon sitwayen Ameriken, men mwen abite nan yon lòt peyi. Kijan pou mwen vote?**

Elektè militè yo ak moun k ap viv nan lòt peyi ak fanmi yo ap fè fas ak defi inik pou vote. Pami lòt pwoteksyon, lwa federal egzije pou (1) elektè militè yo ak moun k ap viv nan lòt

peyi yo ka anrejistre epi resevwa yon bilten yon fason elektwonik, epi (2) voye yon bilten pa lapòs pa pita pase 45 jou anvan eleksyon federal yo. Anpil eta gen plis pwoteksyon pou elektè militè yo ak moun k ap viv nan lòt peyi yo pou tout eleksyon, pa sèlman eleksyon federal yo.

Lwa eta a pral detèmine kondisyon rezidans pou sitwayen k ap viv nan lòt peyi yo vote nan eleksyon eta ak federal yo. [Pwogram Èd Vòt Federal](#) (Federal Voting Assistance Program, FVAP) gen resous pou manm sèvis yo, fanmi yo, ak sitwayen k ap viv nan lòt peyi yo ki vle vote. Elektè yo ka itilize [Gid Èd pou Vote](#) FVAP a pou jwenn plis enfòmasyon sou vòt nan eta yo, ak kijan pou mande epi retounen bilten vòt yo.

### **Ki dwa mwen genyen kòm yon elektè?**

Chak eta gen pwòp seri lwa ki defini fason eleksyon òganize, men gen plizyè lwa federal ki pwoteje dwa vòt pou sitwayen ameriken ki kalifye yo. Lwa sou Dwa Vòt 1965 la entèdi diskriminasyon epi mande pou jiridiksyon yo otorize èd pou vote nan tout sikonstans eksepte nan kèk sikonstans, epi Lwa pou Vote Help America a prevwa (1) elektè yo dwe kapab vote an prive epi poukont yo, (2) yo dwe ba yo posibilite pou chanje oswa korije bilten yo anvan yo vote, epi (3) otorize elektè yo vote yon bilten pwovizwa oswa ki sekirize.

### **Dwa Ou Genyen Lè w Ap Vote**

Lwa elektoral federal yo ede pwoteje dwa w genyen pou vote ak pwosesis elektoral la. Anjeneral, elektè yo gen dwa pou:

- Vote si yo toujou nan liy lè biwo vòt yo fèmen
- Mande yon lòt bilten vòt si yo fè yon erè
- Mande yon bilten vòt pwovizwa si yo pa sou lis elektèoral kote pou yo vote a
- Mande yon moun k ap travay nan biwo vòt la èd lengwistik si yo bezwen èd pou li oswa konprann kijan pou vote
- Pa entimide oswa asele yo pandan y ap vote

### **Vote ak yon Andikap**

Lwa federal la bay pwoteksyon pou elektè ki gen andikap yo tou. Espesyalman, elektè ki gen andikap yo gen dwa:

- Vote an prive ak endepandan
- Gen yon biwo vòt aksesib ki gen machin pou vote pou elektè ki gen andikap

Elektè yo ka swa:

- Mande travayè ki nan lokal biwo vòt yo ki te resevwa fòmasyon pou itilize machin vòt ki aksesib la, oswa
- Vini ak yon moun pou ede yo vote

Elektè yo ka mande enfòmasyon sou èd pou vote, asistans pou vote, ak pwosedi vòt pa lapòs ki disponib.

Pou jwenn pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) oswa kontakte Komisyon Asistans Elektoral Nan Etazini (U.S Election Assistance Commission) nan telefòn nan 866-747-1471 oswa nan imèl nan [listen@eac.gov](mailto:listen@eac.gov). Enfòmasyon sou Lwa Ameriken sou Andikap yo disponib sou [ada.gov](https://ada.gov).

### **Lòt Resous**

Pi bon sous enfòmasyon pou enskripsyon elektè ak lwa vòt eta a se biwo elektoral lokal ou a. Ale sou [eac.gov/vote](https://eac.gov/vote) pou jwenn lyen rapid pou monte sou sitwèb eleksyon eta oswa teritwa w la.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lwa federal yo sou sitwèb Divizyon Dwa Sivil la [justice.gov/crt/voting-section](https://justice.gov/crt/voting-section).

Pou jwenn yon lis lwa ak pwoteksyon federal sou dwa vòt, ansanm ak lòt enfòmasyon sou vòt, ale sou [usa.gov/voting](https://usa.gov/voting) ak [vote.gov](https://vote.gov).